**Pou Piblikasyon Imedya:** 02/04/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

**ANN REYALIZE LI: GOUVÈNÈ HOCHUL RASANBLE AK LIDÈ YO NAN SOUTHERN TIER POU PREZANTE YON BIDJÈ ETA A KI RANN NOUYÒK PI ABÒDAB EPI GOUMEN POU FANMI K AP TRAVAY YO**

***Li redui fòmalite administratif yo pou akselere konstriksyon lojman ak enfrastrikti esansyèl pandan n ap prezève pwoteksyon anviwònmantal yo***

***Li diminye pri asirans veyikil, konbat reklamasyon ki gen fwod epi bay priyorite a konsomatè yo olye konpayi asirans yo***

***Li reziste ak ogmantasyon pri sèvis piblik yo nan refòme Lwa sou Klima eta a pandan l ap kenbe angajman anvè enèji pwòp***

Gouvènè Kathy Hochul te rasanble jodi a nan Southern Tier avèk lidè kominotè yo ak ofisyèl eli yo pou prezante yon ajennda ki fè Nouyòk pi abòdab epi goumen pou fanmi k ap travay yo. Gouvènè a te plede pou plan bidjè eta li a ki pral pèmèt Nouyòk bati plis lojman, diminye pri asirans otomobil, mete eta a sou yon chemen pou gadri timoun inivèsèl, epi bay priyorite ak aksesiblite enèji lè li kenbe liy kont ogmantasyon pri sèvis piblik yo k ap frape fanmi yo atravè eta a.

"Mwen p ap janm sispann goumen pou fanmi nou yo, sitou lè sa konsène diminye depans asirans otomobil ak sèvis piblik yo, epi elimine obstak administratif pou konstwi plis lojman," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo konnen twò byen ke pri pwodwi nesesite chak jou yo vrèman twò chè, e li lè pou nou bay yon bidjè ki fè eta sa a vin pi abòdab ak pi fasil pou viv."

Ane pase a, Bidjè Eta Gouvènè a pou Ane Fiskal 2026 la te remete jiska 5,000 dola nan pòch Nouyòkè yo lè li te bay chèk ranbousman enflasyon pou plis pase 8.2 milyon rezidan, ki te adopte pi gwo ekspansyon kredi taks pou timoun nan istwa eta a, sa ki te bese taks klas mwayèn nan pi ba pousantaj li te genyen depi 70 an, epi li te bay tout elèv manje gratis nan lekòl yo. Bidjè Egzekitif ane sa a pwomèt pou l kontinye sou pwogrè sa a lè l diminye pri asirans otomobil, mete Nouyòk sou yon chemen pou l bay gadri pou timoun inivèsèl, diminye fòmalite administratif pou konstwi lojman ki nesesè yo epi kontwole pri sèvis piblik yo k ap monte rapidman.

Pwen enpòtan nan bidjè Gouvènè a pou ane fiskal 2027 la gen ladan yo:

## Bay gadri inivèsèl pou tout timoun nan tout Nouyòk

Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, li te envesti plis pase 8 milya dola nan gadri, sa ki elaji aksè ak sèvis sa yo anpil epi li prepare teren pou aplikasyon gadri inivèsèl nan tout eta a. Ane sa a, Gouvènè a te anonse 4.5 milya dola pou gadri ak edikasyon timoun piti, ki gen ladan yon ogmantasyon envestisman 1.7 milya dola ki pral fè pre-kindègadenn vin vrèman inivèsèl epi elaji sibvansyon gadri pou plizyè dizèn milye fanmi.

Anplis de sa, pwopozisyon Gouvènè a gen ladan l patenarya avèk konte yo pou mete an plas nouvo pilòt gadri ki ofri swen abòdab ak kalite siperyè pou fanmi yo kèlkeswa revni yo. Pwogram pilòt sa a pral gen ladan yon total 60 milyon dola nan finansman eta a, ansanm ak nouvo envestisman ki soti nan chak nan twa konte yo, pandan y ap elaji aksè ak gadri ak yon atansyon patikilye sou sèvi timoun ki gen laj 0-3 an.

## Kite yo Bati: Redui fòmalite administratif yo pou ankouraje kwasans lojman ak enfrastrikti kritik yo

Fòmalite administratif la ap ralanti epi ogmante pri pwojè lojman ak enfrastrikti enpòtan yo atravè Nouyòk. Sèl solisyon pou gwo pri ak ra kay ki genyen se bati plis lojman. Ajanda "Kite yo bati" Gouvènè Hochul la pwopoze pou modènize Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmantal (State Environmental Quality Review Act, SEQRA) Eta a. Refòm sa yo pral egzante sèten kategori pwojè lojman ak enfrastrikti ki satisfè kritè ki asire yo pa gen okenn enpak negatif siyifikatif sou anviwònman an nan kad revizyon SEQRA a. Sa ap pèmèt lokalite yo atravè eta a bay lojman ak enfrastrikti tankou dlo pwòp ak gadri ke Nouyòkè yo bezwen pi vit e nan yon pri ki pi abòdab.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap pwopoze pou l pran desizyon pi rapid pou kominote lokal yo lè l fikse delè klè, sipòte kominote lokal yo atravè yon nouvo akademi pèmi, epi modènize pwosesis pèmi Nouyòk yo lè yo sèvi avèk nouvo teknoloji.

## Pran mezi pou diminye pri asirans oto pou Nouyòkè yo

Nouyòkè yo peye kèk nan tarif asirans otomobil ki pi wo nan peyi a — ki bay yon total ki depase 4,000 dola pa ane an mwayèn, prèske 1,500 dola pi wo pase mwayèn nasyonal la. Tarif asirans machin yo ap afekte pa yon konbinezon fwod, litij, fay jiridik, ak lakin nan aplikasyon lalwa, avèk fo aksidan ak fwod asirans ki asosye ki ogmante prim chak moun nan 300 dola pa ane an mwayèn. Gouvènè Hochul ap pran mezi ki lojik pou konbat fwod, limite domaj yo peye bay move aktè yo epi asire ke se kliyan yo, pa konpayi asirans yo, ki priyorize.

## Abòde kriz aksesiblite a epi konbat chanjman klimatik yon fason responsab

Anba Gouvènè Hochul, Nouyòk te, epi l ap kontinye rete, yon lidè nasyonal nan domèn enèji pwòp ak aksyon pou klima. Eta a gen premye pak ewolyen bò lanmè ki fonksyone nan peyi a nan gwo echèl sèvis piblik, ak de lòt an konstriksyon, premye plan pri

konjesyon nasyon an, li te satisfè objektif solè distribye li yo yon ane pi bonè, epi li pare pou ouvri liy elektrik Champlain Hudson Power Express ane sa a, ki pral pote enèji idwoelektrik pwòp ki nesesè soti Kebèk pou rive nan Vil Nouyòk.

Anpil bagay chanje depi yo te andopte Lwa sou Pwoteksyon Lidèchip Klimatik ak Kominotè (Climate Leadership & Community Protection Act, CLCPA) an 2019, tankou gwo enflasyon apre COVID, pwoblèm chèn apwovizyòman ak tarif federal ki te fè pri yo monte epi yon gouvènman federal ki te lanse yon atak total sou enèji renouvlab. Kòm rezilta sa a ak yon lòd tribinal ki mande pou Nouyòk pibliye règleman pou konfòme li nèt ak objektif akoutèm 2030 CLCPA yo, Nouyòk t ap gen pou l ajoute gwo depans ki t ap kraze Nouyòkè yo ak biznis k ap lite deja ak bòdwo sèvis piblik ki wo ak pri gazolin ki chè nan ponp. Pou adrese pwoblèm nan, Gouvènè a ap pwopoze plizyè chanjman nan CLCPA a ki pral kenbe angajman Eta a pou konbat chanjman klimatik la tout pandan y ap priyorize abòdablite.

Gouvènè Hochul ap mete presyon tou yon Plan Pwoteksyon Kontribyab (Ratepayer Protection Plan) ki pral rann konpayi sèvis piblik yo plis responsab, refòme pwosesis fiksasyon tarif regilasyon an, epi fè Pwogram Askesiblite Enèji (Energy Affordability Programs, EAP) Eta Nouyòk yo pi aksesib pou fanmi k ap travay yo. Plan an pral diminye tou frè kache sou bòdwo sèvis piblik yo, lye salè ekzekitif yo dirèkteman ak kapasite kliyan yo pou peye, epi egzije pou sant done yo peye pati pa yo lè yo peye plis pou elektrisite oswa lè yo bay pwòp ekipman pou enèji yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU